

# Kesyon pou poze tèt ou lè w ap chwazi yon plan



Marketplace Asirans Sante (Health Insurance Marketplace®) ofri diferan kalite plan pou satisfè yon varyete bezwen ak bidjè. Pifò moun kalifye pou ekonomi pou fè kouvèti asirans sante a abòdab. Ou ka konpare plan ki baze sou sa ki enpòtan pou ou epi chwazi pri ak pwoteksyon ki adapte ak bezwen ou yo. Poze tèt ou kesyon sa yo pandan w ap achte pou pwoteksyon Marketplace.

## Èske'm kapab jwenn èd pou'm peye pou kouvèti asirans Marketplace la?

Aprè w fin ranpli yon aplikasyon nan Marketplace, ou pral konnen si w kalifye pou ekonomi. Anvan w aplike, vizite [HealthCare.gov/lower-costs](https://www.healthcare.gov/lower-costs) pou w tcheke si w ka kalifye pou ekonomi selon revni w. Epay sou mache a gen ladan yon kredi taks pou diminye prim asirans sante w chak mwa ak ekonomi siplemantè pou diminye depans ou peye lè w itilize sèvis medikal yo.

Si ou fèk pèdi pwoteksyon sante, ou ka anmezi pou jwenn bon jan kalite ak bon mache atravè Marketplace la.

## Ki avantaj plan sante yo kouvri?

Tout plan sante nan Marketplace la ofri “avantaj sante enpòtan,” ki se yon seri 10 kategori sèvis plan asirans sante yo dwe kouvri dapre lalwa. Avantaj sa yo kouvri bagay tankou vizit kay doktè, preskripsyon, ospitalizasyon, gwosès, ak anpil lòt ankò.

Plan sante yo kapab ofri lòt avantaj, tankou pwogram pou swen vizyon, dantè oswa pwogram jesyon medikal pou yon maladi oswa yon kondisyon medikal espesifik. Sepandan, avantaj espesifik yo kapab diferan nan chak eta. Menm nan menm eta a, kapab gen ti diferans nan plan yo. Pandan w ap konpare plan yo, w ap chèche konnen ki avantaj chak plan kouvri. Pou plis enfòmasyon sou avantaj plan sante yo kouvri, vizite, [HealthCare.gov/coverage/what-marketplace-plans-cover](https://www.healthcare.gov/coverage/what-marketplace-plans-cover).

## Ki kote mwen ka konpare plan yo?

Vizite [HealthCare.gov/see-plans](https://www.healthcare.gov/see-plans). Aprè ou fin antre kòd LAPÒS ou a epi reponn kèk kesyon debaz sou kay ou ak revni ou, ou ka konpare plan ki disponib nan zòn ou an ak pri estime ki baze sou ekonomi ou kalifye pou yo.

## Kijan pou mwen chwazi yon plan?

Lè w ap chwazi yon plan, li se yon bon lide pou w reflechi sou depans total swen sante w yo, pa sèlman prim ou peye konpayi asirans ou chak mwa.

Kantite lajan ou peye pou itilize sèvis medikal yo ka gen yon gwo enpak sou depans total swen sante ou pandan ane a. Revize depans plan an pou:

- **Franchiz:** montan ou peye pou sèvis ki garanti anvan plan an kòmanse peye
- **Ko-asirans:** yonpousantaj nan pri total ou peye lè w resevwa yon sèvis, tankou 20% pou yon medikaman jenerik
- **Ko-peman:** yon kantite lajan fikse ou peye lè ou jwenn yon sèvis, tankou \$25

Chak plan nan lis ki sou [HealthCare.gov/see-plans](https://www.healthcare.gov/see-plans) montre estimasyon total depans chak ane yo, ki kalkile avèk prim plan an (x 12 mwa), franchiz, ak kopeman/ko-asirans. Pou kòmanse, montan lajan sa yo mete yo se pou itilizasyon sèvis medikal mwayèn. Ou ka ajiste yo mwens oswa plis pou jwenn yon pi bon estimasyon sou konbyen lajan fwaye ou a ta ka depanse pou swen sante nan ane k ap vini an ak chak plan.

Pou konpare plan yo pi vit, sèvi ak filtè **pri ki fasil** (easy pricing) yo. Plan Marketplace yo make **pri fasil** yo gen menm franchiz yo, kopeman/ko-asirans, ak maksimòm lajan pou peye nan pòch yo. Yo gen ladan tou kèk avantaj anvan ou rive nan franchiz la. Ou pral sèlman peye yon kopeman pou sèvis tankou swen ijan, vizit doktè ak espesyalis, ak medikaman jenerik ak prefere yo.

## Ki diferan nivo oswa kategori plan yo?

Yo mete plan yo nan 4 kategori: Bwonz (Bronze), Ajan (Silver), Lò (Gold), ak Platinum. Plan katastwofik yo se yon 5yèm kategori plan sante ki disponib pou kèk moun. **Kategori plan sante sa yo baze sou fason oumenm ak plan w divize depans swen sante w yo. Yo pa gen anyen pou yo wè ak kalite swen ou ta jwenn.**

Anjeneral, kategori plan ki gen pi gwo prim (lò ak platinum) gen franchiz ki pi ba yo. Kategori ak prim pi ba yo (Bwonz ak Silver) gen franchiz ki pi wo.

## Ki kategori plan sante ki pral travay pou mwen?

- **Si w espere anpil vizit doktè oswa si w bezwen preskripsyon regilye:** ou ka vle yon plan Gold oswa Platinum. Plan sa yo jeneralman gen pi gwo prim masyèl men yo gen franchiz ki pi ba yo.
- **Si ou pa espere sèvi ak sèvis medikal regilye epi ou pa pran preskripsyon regilye:** ou ka vle yon plan Silver oswa Bronze. Plan sa yo koute ou mwens pa mwa, men yo gen franchiz ki pi wo, kidonk ou pral peye plis anvan plan an kòmanse peye.

**Si w kalifye pou ekonomi siplemantè sou depans pou peye nan pòch yo, ou dwe chwazi yon plan Silver pou jwenn ekonomi siplemantè yo.** Si w kalifye pou yon “rediksyon pou pataje depans” ki baze sou revni w, ou ka ekonomize lajan sou depans ki soti nan pòch ou lè w jwenn swen, tankou franchiz ak kopeman—men sèlman si w enskri nan yon plan Silver. Pou tcheke si ou ka kalifye pou ekonomize, vizite [HealthCare.gov/lower-costs](https://www.healthcare.gov/lower-costs).

## Kisa plan sante katastwofik yo ye?

Plan sante katastwofik gen prim masyèl ki ba ak franchiz trè wo. Yo kapab nan yon fason abòdab pou pwoteje tèt ou kont senaryo ki pi grav, tankou vin malad grav oswa blese. Men, ou peye pifò depans medikal woutin pou tèt ou.

Si w poko gen 30 an, ou ka enskri nan yon plan Katastwofik. Si w gen 30 an oswa plis, ou ka enskri nan kategori plan sa a sèlman si w kalifye pou yon egzanpsyon pou difikilte oswa akòz li abòdab. Pou aprann plis sou egzanpsyon, vizite, [HealthCare.gov/health-coverage-exemptions/forms-how-to-apply](https://www.healthcare.gov/health-coverage-exemptions/forms-how-to-apply).

## Èske mwen ka jwenn pwoteksyon dantè nan Marketplace la?

Gen kèk plan sante ki ofri pwoteksyon dantè, men se pa tout. Si ou vle pwoteksyon dantè epi plan ou pa ofri li, ou ka enskri nan yon plan dantè separe an menm tan ou enskri nan yon plan sante. Gen kèk plan dantè sèlman ki kouvri timoun yo epi gen lòt ki kouvri fanmi yo. Ou ta dwe revize detay plan an pou asire w ke plan an gen ladan avantaj ou vle yo.

Tout plan yo dwe ofri pwoteksyon dantè pou timoun ki gen 18 an oswa pi piti. Si w kalifye pou ekonomi epi w enskri nan yon plan sante Marketplace ki pa gen ladann pwoteksyon dantè pou timoun yo, nenpòt ekonomi ki pa itilize yo pral aplike nan yon plan dantè apa pou pitit ou a.

## Èske doktè aktyèl mwen an ak medikaman sou preskripsyon yo pral kouvri?

Lè w konpare plan yo nan Marketplace la, w ap gen posibilite pou w antre doktè w yo, etablisman medikal yo, ak medikaman sou preskripsyon w yo. Lè ou wè plan yo, ou pwal wè si chak plan kouvri doktè yo, etablisman medikal yo, ak medikaman sou preskripsyon ou te antre yo.

## Ki evalyasyon kalite plan sante a?

Konpare plan sante nan Marketplace la avèk evalyasyon kalite (oswa evalyasyon “zetwal”) pou chak plan. Plan yo evalye sou yon echèl de 1-5. Evalyasyon sa yo ba ou yon apèsi objektif sou jan kalite chak plan konpare ak lòt plan Marketplace nan eta ou an ak atravè peyi a. Senk zetwal vle di plan an gen pi bon kalite. Nan kèk ka, evalyasyon zetwal yo ka pa disponib, tankou lè plan yo nouvo oswa ki gen enskripsyon ki ba. Lè pa gen yon evalyasyon zetwal, sa pa vle di plan yo gen yon evalyasyon kalite ki ba. Pou jwenn plis enfòmasyon sou evalyasyon star, vizite [HealthCare.gov/quality-ratings](https://www.healthcare.gov/quality-ratings).

## Ou gen Kesyon? W ap jwenn Èd disponib.

- Vizite [HealthCare.gov/choose-a-plan](https://www.healthcare.gov/choose-a-plan) pou plis enfòmasyon oswa [HealthCare.gov/see-plans](https://www.healthcare.gov/see-plans) pou chèche plan ak pri yo anvan w.
- Jwenn yon moun nan zòn ou an pou ede w [HealthCare.gov/find-assistance](https://www.healthcare.gov/find-assistance).
- Kontakte Sant Apèl Marketplace la nan **1-800-318-2596**. Moun ki itilize sistèm TTY yo kapab rele nan 1-855-889-4325.

Ou gen dwa pou jwenn enfòmasyon Marketplace nan yon fòm aksèsib, tankou gwo lèt, bray, oswa odyo.  
Ou gen dwa tou depoze yon plent si ou santi ou te fè diskriminasyon kont ou.

Vizite [CMS.gov/about-cms/agency-information/aboutwebsite/CMSNondiscriminationnotice](https://www.cms.gov/about-cms/agency-information/aboutwebsite/CMSNondiscriminationnotice) oswa rele 1-800-318-2596. Itilizatè TTY yo ka rele 1-855-889-4325.

## Health Insurance Marketplace

CMS Product No. 11672-HC (Haitian-Creole)  
September 2023

This product was produced at U.S. taxpayer expense.

Health Insurance Marketplace® is a registered service mark of the U.S. Department of Health & Human Services.



HealthCare.gov